

*Life don beta...***EPISODE 4****Characters***Mrs Amadasun (Mummy)**Elvis**Isoken**Efe**Mr amadasun**Pa Okosun (Obo)***Scene 1***Amadasun residence. Indoors. Afternoon.*

1. **MUSIC:** **BRIDGE UP AND FADE**
2. **SFX:** **KNOCK ON THE DOOR**
3. **MRS AMADASUN:** Come inside!
4. **SFX:** **DOOR OPENS ON MIC**
5. **ELVIS:** Iye; dem say you dey call me?
6. **MRS AMADASUN:** Elvis, yes I wan bin follow you talk. Abeg enter. Close the door, come sidon.
7. **SFX:** **DOOR CLOSING ON MIC**
8. **ELVIS:** **(WORRIED)** Ah ah; Iye, I hope say nothing happen o? Dis one wey your face change like dis.
9. **MRS AMADASUN:** Hmm. I dey fine. I just dey worey.
10. **ELVIS:** Worey? Why?
11. **MRS AMADASUN:** Hmm. Elvis. **(PAUSE)** I noh get reason to worey?
12. **ELVIS:** DeMaaleh... tell me. Abi make I call doctor?
13. **MRS AMADASUN:** Dis noh be doctor matter o my pickin. Hmmm you know how old I be now Elvis?
14. **ELVIS:** Ooh-oh DeMaaleh. We still dey talk dat matter again?

15. **MRS AMADASUN:** Eh-en nah. I wan make you and your sister Ivie, marry comot for here. I noh know wetin una dey wait for?
16. **ELVIS:** Maaleh, we go marry when we find the correct person.
17. **MRS. AMADASUN:** And dat na which time? What of dat girl wey you tell me about dat year? Bring am come, make I see am.
18. **ELVIS:** Maaleh, abeg leave dis matter
19. **MRS AMADASUN:** Leave which matter! As Mama wey know as pickin dey pain for belle, E too much if I say I wan see my pickin dem say dem don marry? I dey worey o, Elvis. Even your sister sef neva bring anybody come house since – **(HOPEFUL)** abi she don tell you who he be? You know of anybody?
20. **ELVIS:** Dat one nah Ivie’s bizness now. Why you know ask am?
21. **MRS AMADASUN:** **(PLAYFULLY)** I noh know why I even ask you sef. I know say una sabi do coded runs. No wahala; noh tell me anythin o. But what of dat girl wet you dey friend? At least you fit tell me dat one nah.
22. **ELVIS:** Okay o, dat one ... we noh dey friend ourself again.
23. **MRS AMADASUN:** **(EXCLAIMS)** Why nah? Wetin happen?
24. **ELVIS:** I noh come dey enjoy the parole again, Iye. I con dey feel like Maga wey dey pay, becos E be like say nah only my money she want.
25. **MRS AMADASUN:** Eh-en?
26. **ELVIS:** Yes o DeMaaleh. I con dey even try am, sontyims I go say I noh get *shingbai*, say I clean, but she go still wan make I go find the money anyhow! She go dey para me onto nothing. Na im I tire o, if she wan catch Maga, noh be me o. So I delete. Haba..
27. **MRS AMADASUN:** Hmm, my son, sorry. At least now you go fit to know girl wey dey find money, thruway am quick. Na so life be.
28. **ELVIS:** Yes o.
29. **MRS AMADASUN:** But Elvis; abeg help me follow your sister talk. Nah woman o. She suppose don settle by now.

30. **ELVIS:** Maaleh we go marry o. Just dey pray for us
31. **MRS AMADASUN:** I dey pray o. Besides, I don dey tire to dey go another person pickin wedding; me sef wan make dem dey call me “Iyawo Mama! Husband Mama!”.
32. **ELVIS:** **(PLAYFULLY)** Ah! Iye.
33. **MRS AMADASUN:** Yes nah! I noh resemble person wey don reach to get grandchildren?
34. **ELVIS:** **(LAUGHING)** Patience nah good thing o, Iye; abi notto you teach me dat one first? Noh worey; when I find “correct girl” na you go first hear.
35. **MRS AMADASUN:** Abeg make e noh too tey o! I go continue to dey pray for you and Ivie, make God help una get beta partner o.
36. **SFX:** **BRIDGE MUSIC**

Scene 2

Pullen's household, kitchen, late afternoon

37. **SFX:** **SOUND OF MORTAR AND PESTLE AS ISOKEN GRINDS**
38. **SFX:** **FOOTSTEPS AS EFE COMES IN**
39. **ISOKEN:** Good evening ma.
40. **EFE:** Ehen; before you begin dey 'good evening' me. Make sure say you grind dat thing well-well, like I take show you before o.
41. **ISOKEN:** Yes ma.
42. **EFE:** **(PAUSES)** Ah-ah, nah wetin I dey see so? Heey abi my eye dey scratch me? Isoken noh be the cloth when I say make you wash for morning dey outside so?
43. **ISOKEN:** **(TIMIDLY)** Y-yes ma, but –
44. **EFE:** **(CUTTING HER OFF)** And you noh dey see say sun don comot abi? Or you want make the moon begin dry am for night?
45. **ISOKEN:** No ma, noh be like dat –
46. **EFE:** **(CUTTING HER OFF AGAIN)** Oookay, I see; you tink say the cloth dem go jump from rope dance enter house ehn? Abi you dey craze?
47. **ISOKEN:** Sorry ma.
48. **EFE:** Person noh fit say make you do one simple thing again abi? So why you neva pack the cloth dem since? Answer me!
49. **ISOKEN:** **(CLOSE TO TEARS)** I go-go pack dem now, but aunty I noh forget, when I start to dey cook night food, I con tell Junior and Isoken make dem help me pack the cloth, but e be like say dem forgot.
50. **EFE:** Come see American Wonder o! **(IMITATING ISOKEN'S VOICE CRUELLY)** "I con tell Junior and Isoken make dem help me pack the cloth." Idiot! You go tell me which time my pickin dem become your houseboy!

51. **ISOKEN:** Ah noh vex ma! Na just becos I don dey work since day break. Nah me sweep passage, from dere I go wash cloth, after I come take Paaleh clothe dem go tailor, I come back con fetch water, den I ...
52. **EFE:** **(CUTTING HER OFF)** Eh yah, sorry o! Nah only you be pickin wey dey work for im house, where im dey stay dey chop free food.
53. **ISOKEN:** **(TIMIDLY)** No ma. I noh mean am like dat....
54. **EFE:** Sharrap you. Pretender. Afta now, you go begin tell your Paaleh nonsense about me, abi?
55. **ISOKEN:** Aunty I noh tell Paaleh anything...
56. **EFE:** I say sharrap! *Winch* pickin. Na you be the *Winch* wey want scatter my marriage notso? But you noh go succeed. Noh worey, I get your time.
57. **ISOKEN:** Aunty sorry, abeg
58. **EFE:** So you dey cry becos we noh do your birthday? Big fool. Akugbe notto your age? But when she do birthday, she noh wait make person buy anything for am. Abi she wait?
59. **ISOKEN:** No ma.
60. **EFE:** Akugbe enter town go buy everything imself –you see am nah! You see how she take settle everybody! Beta enjoyment. How many month don pass now? Yet, people still dey talk of dat birthday parey. But when nah Isoken birthday, Haa no o! nah baby now, so-o Paaleh suppose buy am cake. **(HISSING)**
61. **ISOKEN:** No ma, I –
62. **EFE:** Abeg commot for my front jare, make I see road! And when I return, hiaann, make I still see all dat cloth dem for outside. He-ey person dey try me o...
63. **SFX:** **FOOTSTEPS WALKING AWAY, SOUND OF ISOKEN SOBBING**
64. **ISOKEN:** **(OFF MIC)** *Iye mu diakemwen!*
65. **SFX:** **BRIDGE MUSIC**

Scene 3*Amadasun residence, bedroom, night*

66. **SFX:** **SOUND OF CRICKETS; NIGHTTIME NOISES**
67. **MR AMADASUN:** **(WORRIED)** Tessy-baby; ah-ah wetin happen?
68. **MRS AMADASUN:** **(SIGHING WISTFULLY)** Noh worry your sef, Monday. Noh be anything. Make we sleep.
69. **MR AMADASUN:** Ah; I go worry o. Dis one noh look like nothing for my eye. Since I come house, you face different, E con dull one-kind. You neva even tell me how your day bin go. E noh be like you. Noh be so we Amadasuns be o.
70. **MRS AMADASUN:** Noh mind me. I just dey worried, *cest finis*.
71. **MR AMADASUN:** Worried ke? say wetin happen?
72. **MRS AMADASUN:** I jus pray say our pickin dem noh go be the last Amadasun for dis life o.
73. **MR AMADASUN:** Tessy, you dey make me fear o. Shey sonthin do Ivie? abi na Elvis?
74. **MRS AMADASUN:** No o. nothing..... Hmm. You don hear the news of Cynthia daughter?
75. **MR AMADASUN:** Cynthia? dat your friend from small pickin? Ehn wetin happen to im daughter?
76. **MRS AMADASUN:** **(DOLEFULLY)** She wan marry. Dem come shop today con book *aso-ebi*.
77. **MR AMADASUN:** Oh, dat nah good news o. I dey happy for Cynthia and her husband. You sef suppose happy nah? Or notto your friend again?
78. **MRS AMADASUN:** Nah my friend. I dey happy for am well-well, but nah jus ...
79. **MR AMADASUN:** Nah jus wetin? Wetin be dat?
80. **MRS AMADASUN:** You know say Cynthia daughter nah Ivie age mate sha? Yet Ivie still dey single. Even Elvis join, he talk say him just leave one girl now, himself don single again. Monday, na only two pickin we get o, and nah dem two be single now. **(SIGHS)**

81. **MR AMADASUN:** **(LAUGHS)** Tessy, so dat nah the problem...
82. **MRS AMADASUN:** E noh reach to be problem? Ehn? We neva reach to get grand pickin? Sometimes ehn I dey wish say we fit born pickin join dem...
83. **MR AMADASUN:** Ah ah, Tessy, you noh suppose dey talk dat kind thin nah. After all, you sef kuku know say all of dem dey marry dem pickin fast-fast becos dem pickin noh go school. No one go.
84. **MRS AMADASUN:** I know dat one. But Elvis and Ivie don graduate finish. Wetin dem dey wait?
85. **MR AMADASUN:** And dem don become graduate today becos me and you talk say we mustto plan our family. We bin wan get family size wey we fit manage, and today we noh dey enjoy am? All our pickin dem go beta school, come finish ontop; and we fit pay all the things wey we suppose pay with no wahala. Plus we noh send our pickin go make any relative train dem for us.
86. **MRS AMADASUN:** Hmm. Na true you talk, Monday. But ... time neva suppose reach make oda people sef buy our own pickin wedding *aso-ebi*? As Mama, me I noh suppose see my pickin dem happy?
87. **MR AMADASUN:** Nobody dey talk say make you noh happy, and nobody dey talk say our pickin dem noh go marry. But we suppose dey careful o. Make we noh dey wahala dem too much, before dem go come go marry anyhow miss road. When time reach, dem go find beta partner and dem go happy.
88. **MRS AMADASUN:** I know o. Me sef happy say we plan our family. And I know say na one of the reasons why our relationship tight well-well.
89. **MR AMADASUN:** Exactly! And since we love our pickin dem, make we leave dem. We train dem well-well, so dem noh go fit fall our hand. I pray say dem go get family plus good relationship like me and you.
90. **MRS AMADASUN:** Dat na my prayer o.
91. **MR AMADASUN:** Everything go dey fine, noh worey. **(TEASINGLY)** Ah ah, my Tessy-baby. Dress come here now. HmMMM.
92. **SFX:** **BRIDGE MUSIC**

Scene 4

Pa Okosun's hut, somewhere in the forest

93. **SFX:** **SOUND OF RATTLING BEADS AND BONES**
94. **PA OKOSUN:** **(OFF MIC, CHANTING INCANTATIONS)**
95. **EFE:** **(COMING ON MIC)** Well done o, *Obo*. **(TRADITIONAL GREETING)**
96. **PA OKOSUN:** **(TRADITIONAL GREETING)** Efe, My daughter; my belle always dey sweet when I see your fine face.
97. **EFE:** Dat one na wash o, *Obo*. Yawa don gas o.
98. **PA OKOSUN:** Which kain yawa wan gas for where the gods dem dey, Efe. Tell me; wetin happen?
99. **EFE:** Na the same problem wey I don dey bring come since, *Obo*. Na my husband pickin.
100. **PA OKOSUN:** Isoken? Wetin im do?
101. **EFE:** Dat girl don dey behave anyhow! E don pass be careful sotey my husband don dey support am against me!
102. **PA OKOSUN:** **(INTRIGUED)** Eh-en?
103. **EFE:** Yes o, *Obo*. Or na the *syanze* (jazz) wey you gimme noh dey work again?
104. **PA OKOSUN:** Hiaann! How you go talk dat kind thin, my daughter?
105. **EFE:** You noh fit blame me nah? When my husband don begin dey *para* onto nothing. Person wey noh dey even coff before; Na 'yes ma'. But now Ah! the *ebo* wey you gimme don dey loose power o.
106. **PA OKOSUN:** Hmm. **(THOUGHTFUL PAUSE)** Okay. So wetin you wan make I do now, my daughter?
107. **EFE:** You go suppose put anoda *ebo* for me o. If na dis wan you do, E do. After all, we don teey ontop dis matter, if to say you don comot dat girl for road since everything go just dey smooth, no yawa go dey!

108. **PA OKOSUN:** Hmmm I don say make you leave dis girl, Efe leave dis girl o.
109. **EFE:** I noh fit leave am o, na til she scatter my house? Plus as my husband don dey giv am wings, now she con dey feel say she fit dey disobey me, dey talk to me anyhow.
110. **PA OKOSUN:** Efe...
111. **EFE:** **(INTERRUPTS)** Who know wetin fit happen now? Maybe oneday she go carry im slippers begin dey beat me! Ah, *Obo*, you suppose help me o. Abeg do quick make she *kpai*.
112. **PA OKOSUN:** My daughter; noh be jus like dat dem dey talk say person go *kpai*. E noh dey easy like dat. Apart frond at one, dis your step-daughter matter get as e be o. She get one kind strong head like dis.
113. **EFE:** Ah, you noh fit talk dat one now o, *Obo*, hiaann e noh good o. So wetin you dey yarn nay say after all dese years wey I don dey come here, you noh fit do dis one, the *main* thin wey I wan make you do? You mean say you noh fit gimme *ebo* to *kpai* the girl comot clean mouth. Ehn? **(CALM)** okay whattof to turn am to *mumu*? If you noh fit kill am.
114. **PA OKOSUN:** Ah, but e dey! The *syanze* (jazz) wey I give you since, dat time when you first come nah im work be dat.
115. **EFE:** Ah ah; den why Isoken neva die since??
116. **PA OKOSUN:** You noh remember say dat juju (jazz) don already *kpai* one person comot for road for you? Or wetin you tink say kill the pickin Mama?
117. **EFE:** Why she noh just fit follow her maaleh go grave?
118. **PA OKOSUN:** The spirits dem wey dey protect am strong well-well. You suppose dey careful for im matter o.
119. **EFE:** Na she suppose dey careful for my side and I noh go rest until she don *kpai*. **(PAUSE)** What of my husband? Make I leave am as hin dey *para* anyhow?
120. **PA OKOSUN:** Noh worry about dat one, Efe. We go tight the cage where we put am inside.
121. **EFE:** Good! So wetin make I do?

122. **PA OKOSUN:** You go bring your husband's hair...
123. **EFE:** Okay, him hair, and wetin again?
124. **PA OKOSUN:** and one of him, erm, pant.
125. **EFE:** Dat na all? **(SCOFFS)** Dat one noh be problem nah.
126. **PA OKOSUN:** Just bring all dat one for me, and I go fit do strong *mehcine* for you. Your husband go return con be your proper husband again.
127. **EFE:** Thank you o Pa Okosun, you do well. Abeg jus make sure say dis one work o, and as usual, I go settle you well-well.
128. **PA OKOSUN:** **(LAUGHING AND HAILING HER)** Efe, My daughter!
129. **EFE:** **(LAUGHING)** My *Obo!*
130. **SFX:** **RATTLING BEADS AND BONES**
131. **SFX:** **BRIDGE UP AND FADE**